

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè
Commission Episcopale Nationale Justice et Paix

**Leve kanpe
an n defann
Diyite ak Dwa nou
tankou Ayisyen**

Bilten JILAP
Bulletin JILAP

23

Pòtoprens, oktòb 2010

Men ki sa n ap jwenn nan Bilten sila a

| | |
|---|----|
| Yon ti mo pou louvri Bilten an | 3 |
| Pou refleksyon nou | 6 |
| Deklarasyon piblik Jilap nan peyi a | 15 |
| Jilap te patisipe | 21 |
| Kòmantè | 27 |
| Angajman Jilap pou Diyite moun | 29 |
| Jistis ak Lapè toupatou sou tè a | 35 |

Publikasyon Bilten sila a posib gras ak konkou finans MISEREOR. Se Komisyon Nasyonal Jistis ak Lapè a ki sèl reskonsab sa k ekri nan Bilten an.



La publication de ce Bulletin est rendue possible grâce au concours financier de MISEREOR. La responsabilité du contenu des articles publiés revient à la seule Commission Nationale Justice et Paix.

Yon ti mo pou louvri Bilten an

Nan kèk semèn Jistis ak Lapè ap genyen Asanble Jeneral li. Tèm nan Komite Egzekitif la te chwazi a, sonnen konsa : **Leve kanpe – An n defann Diyite ak Dwa nou tankou Ayisyen**. Nou kwè, tèm nan enpòtan nan moman n ap pale sou rebati peyi a apre tranbleman tè a ki te frape n nan dat 12 janvyè 2010. Nou dwe travay sou sa n ye kòm Ayisyen si n vle bati yon peyi ki nouvo, ki diferan. « Rebati » se pa sèl mete wòch sou wòch ak blòk sou blòk. Anpil bagay dwe chanje tou nan mantalite moun yo, nan jan n konn abitye bati sosyete nou an. Nou pa bliye tout bon kalite pèp la genyen, epitou, nou pa bliye dwa pèp Ayisyen an genyen pou l granmoun tèt li, pou yo rekonèt diyite l ak valè l. Dwa sa yo, yo bliye yo souvan, ni anndan, ni deyò peyi a tou. Dirijan Ayisyen yo manke defann dwa yo genyen yo yon fason konsekan.

Bilten sa a bay tout pozisyon piblik Jilap te pran depi yon lane. Nou gade tou kote Jilap te patisipe nan nivo entènasyonal. Komisyon Jilap se yon manm nan Pax Christi Entènasyonal, ki se yon Rezo katolik entènasyonal pou bati Lapè. Gras ak rezo sila a, Jilap genyen aksè ak anpil relasyon entènasyonal nan domèn lapè, jistis ak dwa moun. Travay pou lapè blayi dwe fèt toupatou. Li enpòtan pou n mare jefò pa n yo ak sa lòt moun nan lòt peyi ap fè. Rezo solidarite sa yo fè nou konnen nou pa sèl, men nou lite ansanm ak anpil lòt moun pou Lapè blayi.

Anvan lontan Jilap pral pibliye nouvo plan estratejik li pou lane 2011 rive 2013. Nan Bilten sila a nou fè n sonje vizyon Jilap genyen ak valè l ap defann yo. Plan an menm kontinye sa n t ap fè nan lane ki sòt pase yo, epi li sèvi ak eksperyans nou te fè yo. Nou vle pou Komisyon an ak tout sa l ap mennen pou Lapè blayi nan peyi a vin pi efikas.

Bilten an pèmèt nou gade pwòp aktivite n yo ni lit y ap mennen lòt kote pou lapè ak respè pou dwa moun blayi. Nou bay kèk egzanp nan peyi Lachin ak nan peyi Gwatemala. Men tou, nou wè ki jan anndan Legliz nou an genyen gwoup ki mande pou fòmasyon pè ak relijye yo tonbe daplon ak tout pawòl Legliz la pale lè l preche Levanjil Jezikri a, ki yon Levanjil Jistis, Lapè ak Kè kontan. Legliz la mare lafwa ak sosyete yon fason espesyal nan Ansèyman sosyal li.

Bon lekti. Ekip Bilten an salye ou.

Editorial

Dans quelques semaines, la Commission Justice et Paix réalisera son Assemblée générale annuelle. Cette année le Comité Exécutif a proposé le thème suivant : ***Debout – prenons la défense de notre Dignité et de nos Droits comme Haïtiens***. Nous croyons qu'il s'agit d'un thème extrêmement important en cette époque de reconstruction du pays, suite au séisme du 12 janvier 2010. Il faut travailler sur notre identité comme Haïtiens si nous voulons construire un pays différent, parce que « Reconstruire » est autre que simplement poser des blocs et refaire des édifices. Beaucoup de choses doivent être refait au niveau des mentalités et la façon d'organiser la société. Tout cela ne doit pas faire oublier les bonnes qualités qui nous marquent comme peuple, ainsi que les droits qui nous sont propres comme Haïtiens, comme le droit légitime à la souveraineté nationale, condition du respect de la dignité et de la valeur d'un peuple. Ces droits sont trop facilement mis de côté tant à l'intérieur qu'à l'extérieur du pays. Les Haïtiens manquent de défendre leurs droits de façon conséquente.

Ce Bulletin fait état des positions publiques prises par la Commission depuis bientôt un an. Justice et Paix est membre de Réseau international pour la Paix, Pax Christi International. Justice et Paix a participé à des rencontres à ce niveau. Grâce à ce réseau, Justice et Paix a accès à des relations internationales dans le domaine de la paix, de la justice et des droits humains. L'engagement pour la Paix doit être mondial et il se réalise partout. Il est important de connecter nos efforts à ce qui est fait ailleurs par d'autres personnes et groupes. Ces réseaux de solidarité nous aident à comprendre que nous ne sommes pas seuls, mais en communion avec d'autres dans la lutte pour la construction de la Paix.

Bientôt, la Commission va publier son nouveau plan stratégique pour les années 2011 à 2013. Dans ce Bulletin nous reprenons la vision et les objectifs de la Commission. Le Plan est en continuité avec nos engagements des années dernières. Nos engagements pour la Paix doivent s'enraciner davantage et devenir plus efficaces.

Ce Bulletin nous permettra de faire connaissance avec certaines de nos activités propres et avec les luttes que d'autres personnes mènent ailleurs. Des exemples clairs nous viennent de la Chine, de Guatemala. A l'intérieur de notre Eglise également des voix s'élèvent pour demander que la formation des jeunes religieux et religieuses soit plus en ligne avec l'Enseignement social de l'Eglise qui est partie intégrante de l'annonce de l'Evangile, parce que le Message du Christ est une Evangile de Justice, de Paix et de Joie.

Bonne lecture. L'Equipe de Bulletin vous salue

Justice et Paix

40 ans au service de la lutte pour la Dignité et les Droits des personnes en Haïti

Depuis 40 ans, le travail de la Commission, une nouvelle initiative à l'intérieur de l'Eglise après le Concile Vatican 2, a commencé de façon informelle en Haïti, comme simple groupe de réflexion de prêtres et de laïcs, avec des liens à travers le pays. Mgr Emmanuel Constant a soutenu la Commission depuis ce début.

Petit à petit, le travail s'est affirmé.

En 1985, la Commission a été reconnue par la CEH.

L'année après un secrétariat national a été ouvert aux Champs de Mars.

En 1995, la Commission a obtenu de la CEH le Statut de « Institution de droit public de l'Eglise catholique ».

**Leve kanpe,
an n defann Diyite ak Dwa nou
tankou Ayisyen**

« Mobilisez-vous, défendez votre Dignité et vos Droits comme des Haïtiens. » C'est le thème retenu pour l'Assemblée générale de la Commission pour cette année. Tous les diocèses sont invités à étudier le même thème. Défendre sa dignité et ses droits « comme haïtien », de quoi s'agit-il ? Faut-il des droits humains « à l'haïtienne » ou « au rabais », comme cela est compris trop souvent ? Ou bien faut-il puiser dans le meilleur de sa tradition pour défendre énergiquement ses droits comme personne, comme haïtien et comme peuple ? Tout cela ne doit pas faire oublier les tares que la culture impose à la lutte des droits humains, comme l'autoritarisme, la peur des personnes, les innombrables relations d'amitié qui empêchent une approche objective de l'Etat, qui doit garantir le respect des droits. L'impunité et la corruption en sont le résultat et défient la défense des droits de tous et de toutes, tout comme l'établissement d'un Etat de droit.

Nan ane ki sot pase yo, Jilap te chwazi plizyè tèm pou antre pi fon nan idantite òganizasyon an :

- Nan lane 2008 : *Jilap Kilès ou ye ? Defann dwa ak diyite moun nan non lafwa.*
- 2009 : *Defann Diyite ak Dwa moun jodi a, epi nou te wè defann dwa moun egzije pou n poze kesyon sou ki moun ki reskonsab pou ki bagay.*

- Kounye a nan lane 2010, yo chwazi tèm : *Leve kanpe, an n defann diyite ak dwa nou tankou Ayisyen.*

Ki sa n vle di ak tèm sila a ?

1. Defann diyite ak dwa moun : prensip yo

- Tout dwa se pou tout moun.
- Ou pa ka separe yo youn ak lòt.
- Ou pa ka retire yo sou yon moun : dwa moun pa pou achte oswa pou vann.

Sa se gran prensip defans dwa moun toupatou sou latè.

Dwa moun, se pi piti sa chak moun bezwen pou l kab viv tankou moun ak tout diyite l.

Defann dwa moun se pa menm bagay ak aplike lalwa. Lalwa kapab (li ta dwe) yon zouti pou defann dwa moun. Men, defans moun gen pwòp sansiblite pa l, li veye sou sa chak moun dwe jwenn.

Pou nou menm kretyen, patizan Jezikri, diyite sa a rasinen nan Bondye menm, ki sous Lavi menm.

2. Defann dwa moun « tankou Ayisyen »

- Eske Ayisyen defann dwa moun byen konsa, ki fè yo sèvi modèl pou lòt ? Ayiti te sèvi modèl pou lòt pou jan l t ap defann libète l nan 1804.
- Eske genyen yon fason Ayisyen pou konprann dwa moun ? Si n panse konsa, moun fasil ap di : depi se Ayisyen li deja pa bon ; se yon kesyon dwa moun konsa konsa. Nou pa gen dwa diminye valè dwa moun, paske se sou Ayiti nou pale.

3. Pou kisa yo chwazi tèm sila a ?

KEN te chwazi tèm nan pou plizyè rezon :

- Nou dwe konprann valè n kòm Ayisyen, ak mak fabrik pwòp kilti n ki dwe make defans dwa moun nan. Premye kondisyon ak premye

pa nan defans dwa moun, se wè tèt nou yon fason pozitif, se konn valè tèt nou.

- Genyen dwa pèp yo: kòm Ayisyen nou gen dwa yo konn pile anba pye, tankou dwa pou n granmoun lakay nou. Se yon dwa pèp yo genyen, pou yo rekonèt moun nan pou sa l ye, pou yo ba li tout valè li.
- Fòk nou konn fòs nou genyen nan nou menm nan defans dwa moun lakay nou, an menm tan fò n konn feblès nou yo tou. Fòk nou konn sa k baryè nan kilti n pou n defann dwa moun lakay nou.

4. N ap gade kèk fòs nan kilti Ayisyen an, ak kèk baryè nan kilti Ayisyen an nan defans dwa moun. Menm si n wè baryè ak limit, sa pa diminye valè tèt nou pou sa. Nan chak kilti genyen fòs ak feblès, fòs lavi ak fòs lanmò.

4.1. Kèk pwen fò lakay nou menm Ayisyen :

- Sans akèy, sans fanmi,
- Gen solidarite, gen sansiblite pou lòt,
- Nou bay libète chak moun genyen anpil valè, jouk li tounen libètinaj,
- Andirans, kapasite rezistans nan moman difisil.
- *Nou kapab ajoute lòt bon kalite toujou...*

4.2. Gen kèk fòs lanmò tou. Sa vle di: gen baryè nan defans dwa moun ki mare ak pwòp kilti pa n.

- Fason Ayisyen wè epi konprann otorite. Depi yon moun genyen otorite nan men l, li konprann li anwo lalwa, li kab fè sa l vle. Fason moun konprann otorite, se pou enterè, se pou fè avantaj, epi se fè dappiyanp. Men, nan defans dwa moun, se wòl otorite pou asire respè dwa moun. Ki jan yon moun ki gen mantalite otorite ki nan lespri, mantalite ak kilti pèp nou an kapab defann dwa tout moun san patipri, san se pa nan avantaj pa li ?

- Sans fanmi an se yon valè. Men, an Ayiti tout bagay dwe fèt ak relasyon. Si yon moun pa gen relasyon li pa p rive pyès kote, li pa p jwenn travay, li pa kab vanse. Se konsa moun yo wè l. Tout bagay se relasyon, parenn, marenn, konpè makòmè. Tout sistèm otorite chita sou li. Sa k pi ba dwe sa k pi wo, menm si se li k ap souse l, se li k byenfetè l. Moun yo fèmen je sou enjistis ak abi yon « moun pa » ap fè. Relasyon yo fè yo asepte nenpòt bagay zanmi ak fanmi. Yo nan move tolerans. Sa se yon gwo sous enpinite, koripsyon ak vyolasyon dwa moun. Men tou, se yon rezon ki fè tout bagay jan l ye a, paske moun asepte reyalite a jan l ye a, anyen pa p bouje oswa vanse.
- Menm jan tou gen anpil laperèz nan mitan moun. Yo pè pou denonse, yo pè pou di sa yo wè. Moun pa fè lòt konfyans. *Je wè bouch pe*. Si w pale wa mouri. Pa gen moun ki vle sèvi temwen kont lòt. Jijman yo vin difisil pou fèt, paske pa gen temwen ki kanpe. Obsèvasyon vyolans ak vyolasyon dwa moun pa janm klè, paske « ou pa janm konnen ». Defans dwa moun mande pou n ranpòte laviktwa sou laperèz nou yo.
 - Laperèz genyen awè ak mawonaj. Moun pa deklare vrè lide ki nan tèt yo. Pa gen vrè transparans. Ki jan pou kreye vrè solidarite nan yon batay pou respè diyite ak dwa moun kote k gen laperèz ak mawonaj ?
- Se pa sèl moun pè moun, men moun pè tout sa yo pa konprann, sa yo rele mistè, tankou lwa, mò, lespri malefis, tout kalite fòs ki kab aji sou yo epi lòt kab voye yo pou nwi yo. Tout sa mache ak fason moun konsidere tèt yo ak fason yo wè reyalite tout sa k egziste. Anpil relijyon ranfòse yon fason majik pou wè reyalite a. Sa vle di : moun yo pa kwè yo genyen reskonsablite vre. Pito yo se chwal pou fòs ki depase yo, epi ki sèvi ak yo. Yo pa vreman reskonsab zak yo. Se kòm si tout bagay deja deside depi davans. Men, si n pa kab fè anyen, si pa gen reskonsablite, ki jan

n ap defann moun ak diyite yo ? Sèl sa k rete, selon sa pawòl la di : *degaje pa peche*. (Nan PNF 4, nou t ap pale sou rasyonnalite senbolik ak rasyonnalite syantifik).

- Ak pwen sa yo mache : fason moun wè Leta (*Leta se chwal papa*) ak lalwa (*konstitisyon se papyè bayonèt se fè*). Nan fen fon yo menm, moun yo pè Leta a (otorite), epi yo pa fè l konfyans. Sa k enpòtan, se ki jan n kab sèvi ak li pou tire avantaj, pa pou fè jistis epi pou regle lavi nan kominote a, oswa pou òganize lavi nou ansanm, men pou regle enterè. Moun pa fè Leta konfyans, men chak moun vle yon moso ladan l. Ki jan nou kapab òganize bon jan eleksyon si se lide sa yo ki nan tèt popilasyon an ?
- Moun yo viv jou apre jou ; pa gen vrè planifikasyon, yo pa prevwa depi davans. Se ijans la ki fè moun aji. Lè sa yo montre jan pèp la genyen anpil kreyativite nan li menm, men tou genyen anpil enpwovizasyon. Ki jan n ap òganize yon Leta dedwa si pa gen planifikasyon ak òganizasyon ? Eske devlopman se yon bagay ki tonbe sot nan syèl ?

5. Ranmase :

Travay pou respè dwa moun, se travay pou moun respekte moun ; pou yo aji ak tout moun kòm moun.

Travay pou respè dwa moun se afime dwa n genyen kòm pèp ak pwòp kilti pa l, ak lang li ak koutim li yo.

Men tou, pou gen respè pou dwa moun, dwe genyen chanjman nan kilti pèp Ayisyen an.

Defann dwa moun kòm Ayisyen, se pran konsyans reyalite sa yo, apresye enpòtans idantite n, konprann kote fòs nou ye kòm pèp, epi travay ak desizyon pou tout moun nan peyi a jwenn menm respè ak konsiderasyon kòm moun ki egale ak tout lòt moun.

Dokiman travay pou asanble Jilap yo

Byen konnen Jilap *Connaitre la Commission*

*Connaitre Jilap. Chaque Assemblée générale de la Commission est une occasion pour connaître mieux et pour s'approprier davantage de sa mission. La conjoncture dans le pays, une conjoncture de misère généralisée qui favorise le « *sauve qui peut* » demande un grand travail pour maintenir et renforcer son identité. Nous reprenons ici les quelques pages consacrés à l'identité de la Commission dans le nouveau plan stratégique pour 2011-2013. Nous développons :*

- *L'identité de la Commission Justice et Paix en Haïti ;*
- *Les valeurs qui font le credo de la Commission dans sa lutte pour une société plus correcte ;*
- *La Mission de la Commission en Haïti ;*
- *Les choix fondamentaux que la Commission a faits ;*
- *Les axes stratégiques de son travail pour les 3 ans à venir.*

Vizyon, demach travay ak aks entèvansyon Jilap

N ap prezante idantite Jilap, valè li kwè ladan yo, misyon l ak opsyon Jilap fè nan demach travay li epi aks estratejik entèvansyon li yo.

Idantite Jilap an Ayiti

- Jilap se yon enstitisyon pastoral Legliz Katolik ; li la pou fè pwomosyon Ansèyman sosyal Legliz Katolik la nan yon pèspektiv ekimenik, sa vle di, nan yon lespri kolaborasyon ak tout kretyen.

- Jilap se yon enstitisyon ki rasanble moun ki bay tèt yo, yon fason benevòl, epi Legliz Katolik ba yo misyon pou ede tout kò Legliz la makonnen lafwa yo, lavi yo ak mesaj Levanjil la.
- Jilap ap chache angajman ak kolaborasyon tout moun bòn volonte pou fè jistis, lapè, renmen ak respè diyite moun, ansanm ak tout lòt valè ki fè nannan Levanjil Jezi a blayi sou latè a.
- Nan peyi d Ayiti pi gwo priyorite Jilap bay tèt li se travay pou diyite moun, dwa moun ak lapè vanse nan peyi a.
- Jilap se yon òganizasyon ak manm benevòl ki angaje tèt yo san patipri epi k ap defann viktim ak moun ki pi pòv yo.
- Jilap pa yon òganizasyon k ap travay pou fè pwofi ou byen fè lajan. Men li kapab gen byen epi chache kouvri frè pou kèk sèvis l ap ofri.
- Jilap fonksyone tankou yon federasyon komisyon dyosezen ki otonòm epi ki responsab devan Evèk yo. Yo genyen yon kòdinasyon nasyonal ki defini, planifye, kòdone, fè swivi epi evalye ansanm aksyon enstitisyon an.

Valè Jilap kwè ladan yo epi l ap chache fè vanse nan sosyete a

- Lafwa nan Bondye ak nan Levanjil la; konfyans nan moun, nan kapasite l ak responsablite l genyen tankou pòtre ak pitit Bondye, epi respè pou tout sa Bondye kreye.
- Respè pou diyite moun yo ak tout dwa yo (sivil, politik, sosyal, ekonomik epi kiltirèl) ki pèmèt yo viv nan kondisyon lavi ki alawotè diyite yo kòm moun epi kòm pèp.
- Lanmou, fratènite ak solidarite, padon ak rekonsilyasyon

- Lapè, non vyolans ak tolerans ki se vrè respè pou lòt moun, pou libète l ak sans reskonsablite l.
- Ekilib oswa « ekite » nan relasyon moun ak moun, gason ak fi ; peyi ak peyi, pèp ak pèp, klas sosyal ak klas sosyal.
- Demokrasi ak valè ki mache ak yon Leta de dwa.
- Jistis ak jistis sosyal, ki vle di respè pou chak moun ak tout dwa l yo, patisipasyon ak kolaborasyon tout moun pou konstwi sosyete a.

Misyon Jilap bay tèt li an Ayiti

Misyon Komisyon Nasyonal Jistis ak Lapè a genyen nan peyi a, chita sou de (2) dimansyon sa yo:

- Pèmèt fidèl yo nan legliz la mare konviksyon lafwa yo ak yon angajman konsekan pou defans diyite ak dwa moun;
- Travay pou amelyorasyon kondisyon lavi nan sosyete a pou jistis ak lapè kapab tabli nan peyi a ak sou tout fas tè a.

Chwa ak opsyon Jilap fè nan demach travay li

Chwa Jilap fè nan fason l ap travay kanpe sou 9 pote sa yo :

- a) Opsyon pou pòv yo, ak pou viktim enjistis yo ;
- b) Patipasyon / kolaborasyon / konsètasyon dyalòg ak konsansis ;
- c) Reskonsabilizasyon nan 3 nivo : Viktim yo / Leta a / Oganizasyon yo
- d) Resevwa plent, akonpaye viktim epi bay api ak konsèy ;

- e) Apwòch ki chita sou respè dwa moun yo ak sou dwa pèp yo ;
- f) Chache konprann / chache konnen / chache verite a ;
- g) Obsèvasyon / denonsyasyon / pledwaye / lit (batay) san sèvi ak vyolans ;
- h) Negosyasyon / konsilyasyon / antant ;
- i) Pwomosyon diyite ak dwa moun, jistis ak lapè.

Aks estratejik Jilap chwazi pou travay sou yo pandan 3 lane k ap vini yo

Pou lane 2011-2013 la, Jilap fikse tèt li pou travay sou 5 aks estratejik ak 3 aks transvèsal. Se nan kad aks estratejik sa yo l ap mennen tout aktivite li yo :
Aks estratejik yo se gwo aks travay Komisyon an genyen :

- a) Obsèvasyon ;
- b) Fòmasyon ;
- c) Jesyon konfli ak asistans jiridik;
- d) Refòm Lajistis;
- e) Ranfòsman enstitisyon an.

Jilap chwazi tou 3 aks transvèsal. Sa se yon seri Tèm ak preyokipasyon ki dwe prezan nan tout travay Jilap ap mennen:

- a) Pou fi ak gason gen menm chans pou patisipe; pou youn pa gen plis dwa pase lòt selon si l gason oswa fi.
- b) Respè pou kilti pèp Ayisyen an;
- c) Respè ak pwoteksyon anviwònman an.

Si n konprann idantite Jilap la byen, n ap fasil konprann fason l travay ak komisyon l yo atravè tout peyi a.

Deklarasyon piblik Jilap te fè nan peyi a

Bilten an fè sonje divès deklarasyon Jilap te fè depi mwa me 2009 rive mwa sektanm 2010

Pour la mémoire, dans cette rubrique nous mentionnons les interventions publiques de Jilap depuis mai 2009 à septembre 2010. Le texte intégral de ces interventions se trouve sur le web : www.forumcitoyen.org.ht/jilap.

Jilap nasyonal

- Nòt pou laprès. Nan okazyon **Asanble Jeneral Komisyon nasyonal Jistis ak Lapè**, ki te fèt kay Sè Fi Lasajès yo, Maryani, sòti 23 rive 27 novanm 2009. Tèm Asanble a : « **Jilap, nan defans dwa moun jodi a.** »
- Nòt pou laprès. **Kèk leson nou jwenn nan dezyèm tou eleksyon pou Sena Repiblik la.**
- Deklarasyon Komisyon Jistis ak Lapè: Solidarite ak moun nan detansyon pou fèt Nwèl 2009 la: **Nwèl se Lapè, Kè kontan ak Kè poze. Eske se sa l ap ye tou pou moun ki nan detansyon pwolonje ?**
- **Nòt pou laprès.** Lajistis k ap make pa sou plas ki lakòz detni yo ap soufri pi plis. 12 daou 2009.
- Nòt pou laprès. Komisyon nasyonal Jistis ak Lapè **sou fason Leta òganize asistans jidisyè pou detni yo.** 11 daou 2009.

Jilap nasyonal nan tèt ansanm ak Jilap Achipo

- **Rapò 33. Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan.** 3 mwa: oktòb – desanm 2009. Lèt tou louvri pou tout otorite ki konsènen yo. 2010.
- **Rapò 34. Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan.** 3 mwa : janvye – mas 2010. Lèt tou louvri pou tout otorite ki konsènen yo. 2010.

- **Rapò 35. Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan.** 3 mwa : avril - jen 2010. Lèt tou louvri pou tout otorite ki konsènen yo. Out 2010.
- **Rapò 36. Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan.** 3 mwa : jiyè – septanm 2010. Lèt tou louvri pou tout otorite ki konsènen yo. Novanm 2010.

Jilap Jeremi

- Nòt pou laprès. Nan okazyon **8tyèm Asanble Jeneral Jistis ak Lapè dyosèz Jeremi**, ki te fèt nan lekòl de dwa, sòti 7 rive 9 daou 2009. Tèm Asanble a : *«Jistis ak Lapè se motè ki pou fè sosyete a vanse sou chimen devlopman.»*
- **Mesaj 9vyèm Asanble Jeneral Jistis ak Lapè dyosèz Jeremi**, ki te fèt nan Fwaye Kiltirèl la, sòti 23 jiyè rive 25 jiyè 2010 : Tèm mesaj la: *«Leve kanpe, Defann Diyite ak Dwa w tankou Ayisyen.»*

Jilap Fòlibète

- **Nòt pou laprès.** Komisyon Jilap nan Opèch sou pwoblèm k ap ravaje komin nan. 3 jiyè 2009
- **Nòt pou laprès.** Devan plizyè ka vyòl, vòl, asasinay ak aksidan nan depatman an. daou 2009
- **Nòt pou laprès.** Komisyon Jilap nan pawas Akil Samdi denonse zak malonèt k ap fèt sou teritwa pawas la.
- **Mesaj 9vyèm Asanble Jeneral Jistis ak Lapè Dyosèz Fòlibète**, ki te fèt nan Sant Jakzil, sòti 30 oktòb pou rive 2 novanm 2009. Tèm mesaj la: *«An n kenbe misyon n kòm kretyen, nan kore travay Jilap pou respè Dwa ak Diyite tout moun tounen yon reyalite.»*

Jilap Pòdepè

- **Mesaj 10zyèm Asanble Jeneral Jistis ak Lapè dyosèz Pòdepè**, ki te fèt Chansòl kay Pè Monfòten yo, sòti 11 novanm rive 14 novanm 2009 : Tèm mesaj la : *« An n ranfòse Jilap nan pawas yo pou dinamize Jilap dyosèz la.»*

Jilap Okay

- **Mesaj 15zyèm Asanble Jeneral Jistis ak Lapè dyosèz Okay**, ki te fèt nan Sant DCCH Labòd, sòti 27 rive 30 dawou 2009 : Tèm mesaj la : « **Jilap nan defans Dwa Moun jodi a.** »
- **Nòt pou laprès.** Jilap Okay nan okazyon semèn solidarite ak detni 22 desanm 2009.
 - Men kèk pwen yo te souliye: Lokal prizon an twò piti pou akeyi kantite detni yo. Gen selil ki rive gen plis pase 50 detni, alòske kantite li dwe genyen pou pi plis se 10 detni, nan kondisyon sa a detni yo pil sou pil, pa gen kote pou yo vire, pou yo respire, pou yo dòmi, agresyon tout kalite ap fèt epi maladi ap pwopaje. Se yon veritab lanfè. Moun ki kondane melanje ak moun ki nan detansyon prevantiv. Komisyon an ap mande otorite Leta yo travay pou tout moun nan peyi a rive viv ak diyite yo, espesyalman moun ki nan prizon.
- **Nòt pou laprès.** Komisyon Jistis ak Lapè dyosèz Okay nan dat ki te 14 me 2010, mande otorite ki konsène yo pou yo pran mezi prese prese pou amelyore sityasyon detni yo nan Komisarya Aken.

Depi kòmansman lane 2004 la, Jiridiksyon Aken an pa gen prizon, se 3 pyès nan komisarya a ki ranpli wòl sa a. Nan moman n ap pale a genyen prèske 70 detni, yon selil ki ta ka pran 7 moun, rive genyen 31 moun ! Kondisyon detansyon yo pa bon di tou : detni yo pa respire byen, yo pa dòmi, yo pa gen kote ni pou benyen ni pou fè twalèt, se nan selil la yo oblije fè tout bagay. « Yon detni rete yon moun, yo dwe trete l tankou yon moun! »
- **Mesaj Komisyon Jistis ak Lapè Okay** nan okazyon fèt Nwèl 2009.
- **Nòt pou laprès.** Komisyon Jistis ak Lapè dyosèz Okay nan dat ki te 6 septanm 2010, mande pou otorite konsènen yo pran mezi ki nesèsè pou asire sekirite lavi ak byen popilasyon an patikilyèman nan zòn kòt Sid peyi a.

Jilap Okap

- **Nòt pou laprès.** Komisyon Jilap Okap sou detansyon an. 12 daou 2009

- **Mesaj 7tyèm Asanble Jeneral Jistis ak Lapè Achidyosèz Okap**, ki te fèt Domus Mariae, sòti 30 oktòb rive 2 novanm 2009 : Tèm mesaj la : « **Ayiti Pwofesè Dwa Moun : ak Jilap an n kontinye travay la.**»
- **Mesaj Komisyon Jistis ak Lapè Achidyosèz Okap**, adrese bay fidèl yo nan okazyon jounen nasyonal Jistis ak Lapè : «**Renmen nan verite a**» fevriye 2010

Jilap Ench

- **Mesaj Asanble Jeneral Jistis ak Lapè dyosèz Ench**, ki te fèt nan Sant Emayis Papay sòti 28 rive 30 daou 2009 : Tèm mesaj la : «**Misyon Jilap nan defans dwa moun jodi a**»

Jilap Pòtoprens

- **Mesaj 15zyèm Asanble Jeneral Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens**, ki te fèt Kafòj kay Pè Eskalabrini, Lilavwa 48, sòti 27 pou rive 30 dawou 2009. Tèm mesaj la: «**Ak Jilap, an n chache konprann moun pou n chanje lavi yo.**»
- **Nòt pou laprès.** Konfizyon sou kesyon salè minimòm nan : lanfè ou paradi.
- **Nòt pou laprès.** Sou ki sa n dwe pale : relansman, rekonstriksyon, refondasyon ou konstriksyon Peyi d Ayiti ? Pòtoprens, 29 mas 2010.
- **Nòt pou laprès.** Ki wòl yon polisye oubyen yon soukomisarya nan yon komin ? Pòtoprens, 21 jiyè 2010.
- **Mesaj 16zyèm Asanble Jeneral Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens**, ki te fèt Kafòj Lilavwa 48, nan lokal Seminè Sen Chal Bowome, sòti 9 pou rive 12 sektanm 2010. Tèm mesaj la: «**Ak diyite moun kòm bousòl, n ap rive konstwi yon bèl Ayiti.**»
- **Nòt pou laprès.** Komisyon Achidyosèz Jistis ak Lapè Pòtoprens, nan okazyon remiz dokiman ankèt sou sitiyasyon moun yo aprè 12 janvyè 2010. Pòtoprens, sektanm 2010.

Rezime dokiman Jilap Pòtoprens te pibliye sou sitiyasyon moun k ap viv nan kan yo

Jilap Achipo te tanmen yon ankèt nan plis pase 60 kan ki nan zòn Tigwav, Leyogàn, Pòtoprens ak zòn ki anviwonnen l yo. Daprè ankèt la kondisyon lavi moun yo pa kòrèk ditou. Pifò moun k ap viv nan kan yo pa p travay epi sa k jwenn yon ti djòb nan sa yo rele cash for work la, li pa rive touche a lè. Nan zòn Kafou gen 45 ak 50% tifi ki tonbe ansent san papa. Komisyon an ap siyale li jwenn ka sa yo tou sou plas Jeremi, plas Sen Pyè, plas Bwaye ak sou Channmas.

Pou ka vyòl menm, Channmas, sou plas Atis, gen yon seri jèn gason ki pran plezi mete yon tant, epi rale medam yo antre, epi fè kadejak sou yo. Komisyon an jwenn plis pase 10 ka nan sans sa.

Gen yon jèn gason 19 lane ki te vyole yon timoun 16 lane. Li te nan komisarya Sen Chal. Lapolis lage l, li bay 2000 goud. Nan zòn Petyonvil ak sou plas Jeremi genyen timoun tifi k ap viv anba tant yo pou kont yo. Nan pifò kan yo, zafè moun sou moun nan pwomiskwite a ap taye banda.

Nan Sant espòtif Kafou a, gen yon ansyen kandida pou pòs depite ki te gen 19 tant pou fè komès fi ak gason. Li pa rete nan tant yo, li lwe yo ak tifi ki nan laj 12 pou rive 16 lane. Chak pa jou timoun sa yo fè 500 a 1000 goud.

Pou kesyon distribisyon an, se sèlman nan zòn Petyon Vil popilasyon an fè konprann li pa t fèt an moun pa. Lòt kote yo menm, egzanp nan Kafou, se achte kèk moun te achte kat pou jwenn manje. Nan sa ki gen awè akabri pwovizwa yo, pou zòn Kafou OIM te gen volonte deplase moun yo, men Majistra a te fè konnen pa gen tè ki vid, tandiske nan moman an te gen yon teren nan Bizoton 51, zòn Chodo, yo t ap anfème pou 2000 a 2500 goud. Aprè 10 lane tè a pou moun ki anfème l la.

Pou kesyon liyèn nan menm, se pa pale. Mouch, fatra fè kenken Gen kèk kan ki pa gen twalèt, se moun yo ki grate tè a pou yo fè bezwen yo, tankou nan Kanaran 2, Teyat nasyonal, elatriye... Nan sans sa a, maladi ki pi kouran nan kan yo: se grip, fyèv, mal tèt, gratèl ak enfeksyon vajinal.

Daprè moun k ap viv anba tant yo, lè aprè midi tant yo cho, lè lapli tonbe yo oblije pa dòmi. Pou fini, moun k ap viv anba tant yo fè konprann : viv anba tant, se viv menm jan ak bèt.

Pòtoprens, 29 septanm 2010

Konsiltasyon Komisyon ewopeyen

23 mas 2010, kèk jou anvan rankont ki te fèt nan vil Washington sou rebati y ap rebati peyi a, Komisyon Ewopeyen an te òganize yon Konferans ki te reyini plis pase 60 moun ki soti nan divès ONG ak òganizasyon sosyete sivil ki an Ewòp ak Ayiti. Pifò nan ONG Ewopeyen yo genyen patnè an Ayiti. Yo te envite yon ventèn moun ki te dwe soti an Ayiti pou vin patisipe nan rankont lan. Ladan yo, 8 òganizasyon ayisyen (VETERIMED, JILAP, URAMEL, GAFE, MOUFHED, ADEMA, ISC, CONHANE, ARCHE-FONHEP) te reponn prezan ak 2 manm nan Gouvènman an (yon reprezantan kabinè Premye Minis la, yon reprezantan biwo Odonatè nasyonal la, oswa BON). Kantite ONG Ewopeyèn ki te la te plis pase 40. Pi fò nan yo sete òganizasyon ki rasinen nan Legliz katolik epi ki genyen patnè an Ayiti. Jocelyne Colas te reprezante Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè.

Objektif rankont la sete gade ki sa k anndan plan pou rebati peyi a, Gouvènman an t apral prezante nan vil Washington nan finisman mwa a, epi ki jan Komisyon ewopeyèn nan ap patisipe ladan l.

Konsiltasyon Pax Christi entènasyonal

Pandan yo t ap selebre 30yèm anivèsè اساسina sou Monseyè Oscar Romero, Achevèk San Salvadò nan lane 1970, rezo Pax

Christi International la te òganize yon konsiltasyon ak manm li yo ansanm ak patnè li yo nan zòn nan: Mèksik, Amerik Santral ak peyi Karayib yo, depi 22 rive 24 mas 2010 nan vil San Salvadò menm.

Rezo Pax Christi a, ki se yon mouvman katolik pou lapè sou tout fas tè a, ap travay ak plis pase 100 manm nan apepre 50 peyi sou latè. Yo devlope diferan aksyon ak pledwaye pou devlope yon mouvman solidarite anfavè lapè, dezameman ak jistis nan mitan pèp yo ki sou latè.

Nan peyi d Ayiti, Komisyon Nasyonal Jistis ak Lapè manm nan rezo a, ansanm ak yon ekip Pax Christi ki tabli nan Pòtoprens. Pè Jan Hanssens, ki direktè nasyonal la, te patisipe nan konsiltasyon an ki te fèt San Salvadò.

Asanble mondyal Pax Christi

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè manm asosye nan Pax Christi Entènasyonal. Tankou tout lòt manm yo li te jwenn envitasyon pou al patisipe nan Twazyèm Rasanbleman Mondyal la. Jocelyne Colas te reprezante Komisyon Jistis ak Lapè epi Daniel Tillias te reprezante Pax Christi Pòtoprens. «**Nan kay lapè a gen anpil plas pou moun rete** » : se sou tèm sa a, Pax Christi te reyalize Rasanbleman an nan vil Strasbou nan peyi Lafrans, soti 12 rive 16 me 2010 la. Plis pase yon santèn delege te soti nan 36 peyi nan 5 kontinan pou patisipe nan evènman sa a.

Rasanbleman Mondyal la se yon lokazyon pou delege yo te braselide sou travay y ap fè yo chak bò kote pa yo nan bi pou lapè tounen yon reyalitye nan diferan kwen nan lemond. Se yon moman tou pou pran dizon tout manm yo sou tèm y ap travay pandan twa lane k ap vini. Se

nan yon anbyans pataj ak temwanyaj manm yo te reflechi sou 6 tèm priyoritè nan kad estratejik mouvman an genyen pou twa lane k ap vini yo :

- Moun k ap deplase akòz konfli.
- Jèn ak vyolans-ajitasyon sivil.
- Chanjman nan klima, vyolans ak moun k ap refijye.
- Dezameman nikleyè.
- Enpinite, jistis nan moman gwo chanjman sosyal ak komisyon verite yo.
- Gwo vyolans k ap atenn dènnye limit.

Akote gran tèm sa yo, divès atelye te reflechi sou yon seri ti tèm ki ede jwenn lide pou gran tèm yo:

- Dwa moun, Leta ki chita sou lalwa ak konfli vyolan.
- Sekirite moun : jèn ak vyolans, ak mouvman sivil.
- Sekirite moun : chanjman nan klima, vyolans ak moun k ap deplase poutèt chanjman nan klima.
- Dezameman, demilitarizasyon ak dezameman nikleyè.
- Lòd mondyal jis : enpinite, jistis nan moman gran chanjman sosyal ak komisyon verite.
- Relijyon ak konfli vyolan : vyolans dènnye limit.

Pataj esperyans nan diferan atelye rejyonal yo te ede sonje divès eleman ki nesèsè pou bati lapè ak rekonsilyasyon: verite, jistis, satisfaksyon bezwen fondalnatal yo ak padon. An menm tan, pou n kab travay pou lapè a, nou dwe fè yon jefò pou devlope espirityalite n ak lafwa n nan moun, nan Bondye ak Jezikri kòm modèl. Konsa, nan yon moman refleksyon nan ti gwoup, chak moun te pataje ak lòt yo ki sa ki motive li pou travay pou lapè, paske chak moun gen yon sous ki pouse l antre nan batay sila a.

Kòm priyorite Pax Christi International pou twa lane k ap vini yo, delege yo dakò pou l kontinye travay sou menm tèm yo. Konsa, yo te mete pi klè ki jan yo kapab abòde tèm sa yo.

- Tèm *sekirite moun*, ki genyen ladan l: chanjman klima, vyolans ak refijye. Gen delege ki pito pale sou “moun ki deplase” olye yo pale sou refijye, paske refijye gen dwa, alòske anpil moun ki blije deplase pou rezon chanjman nan klima gen difikilte pou jwi dwa yo. Leta peyi kote yo ale a pa vle rekonèt dwa yo kòm refijye.
- Sou kesyon *jèn yo*, delege yo di Pax Christi bezwen entegre pi plis jèn nan mouvman an pou yo kapab patisipe ak pote lide nan refleksyon k ap fèt sou sitiyasyon jèn yo.
- Delege yo mande pou kontinye chita sou tèm esprityalite ak tèm rekonsilyasyon an pi byen.
- Selon enfòmasyon yo te pataje sou kèk difikilte ki genyen pou fè travay la vanse, yo te pwopoze pou ranfòse sekretarya entènasyonal Pax Christi a pandan lane k ap vini an.

Pax Christi: Rasanbleman pou jèn

An menm tan rasanbleman mondyal la t ap fèt, Pax Christi te òganize yon seminè pou jèn ki soti nan diferan peyi pou fè echanj sou sitiyasyon jèn yo. Claudette Werleigh, Sekretè Jeneral Pax Christi International la te mande Jocelyne Colas al fè yon prezantasyon pou jèn yo sou sitiyasyon medam yo nan kan yo apre tranbleman tè 12 janvye a. Li te reponn demann lan avèk kè kontan. Li te pataje ak jèn yo enfòmasyon sou jan sitiyasyon an ye apre tranbleman tè a, pami pwoblèm yo se divès medam yo e menm timoun ki viktim kadejak nan kan pwovizwa yo. Se konsekans ireskonsablite otorite Leta yo ki pa prezan nan espas sa yo epi mank respè pou moun.

Jocelyne te reponn divès kesyon sou zafè èd entènasyonal pou Ayiti a. Kèk nan jèn yo te pale sou ipokrizi yo santi ki genyen nan kesyon sa a, menm bò kote Inyon Ewopeyèn nan, nan sans sa l di sitwayen ewopeyen yo se pa sa li fè. Yo estime Inyon Ewopeyèn nan ap bay sitwayen ewopeyen yo manti. Te gen anpil kesyon men malerezman pa t gen tan pou yo te jwenn repons yo. Mesyedam yo te byen apresye prezantasyon an ki ba yo kèk enfòmasyon anplis sou sa yo konn tande sou Ayiti.

Delege yo te vizite **Lakwa Burl**. Lakwa Burl, se yon gwo kwa ki mezire 14 mètr wotè. Se yon memoryal yo te mete nan peyi Almay ki pa twò lwen ak vil Strasbou. Kwa a se senbòl lapè ak rekonsilyasyon ant peyi Almay ak peyi Lafrans. De (2) peyi sa yo te gwo lènmi youn ak lòt pandan 2 lagè mondyal yo: 1914-18 ak 1940-45. Kwa a rann omaj ak yon valè moun nan zòn sa a ki te mouri ak vyolans nan kote sa a pandan dezyèm lagè modyal la. Li fè n sonje tout moun ki mouri anba vyolans epi tout sa yo tou ki bay lavi yo pou lapè kapab boujonnen.

Jocelyne Colas

Pwen Final kont Vyolans k ap fèt sou Fanm

Sòti 17 rive 24 out 2010 la, nan Santa Cruz, nan peyi Bolivi, Jocelyne Colas te jwenn envitasyon atravè POHDH pou al patisipe nan yon rankont Rezo Sante fanm nan Amerik Latin ak Karayib la te òganize. Objektif rankont la se te evalye yon seri aktivite yo te antann fè nan diferan peyi nan kad yon kanpay yo te rele « Pwen Final » kont vyolans k ap fèt sou fanm.

An Ayiti, se SOFA ki manm rezo a, men li envite lòt òganizasyon dwa moun pou mete ansanm ak li pou mennen kanpay sila a pa bò isit la. Nan peyi d Ayiti, kanpay sila a pokò pran pye. Yo te lanse l nan dat 25 novanm 2009, men tranbleman tè a te ralanti tout bagay. Pi devan yo kapab fè jefò pou relanse kanpay lan nan zòn Las Cahobas, epi nan kèk lòt zòn nan peyi a. Pou sa y ap blije mete sou pye yon kòdinasyon nasyonal ak plizyè òganizasyon.

Anpil lòt kote nan kontinan Amerik Latin nan ak Karayib la, yo deja antre nan kanpay nan, tankou Brezil, Gwatemala, Bolivi. Yo te pataje sa yo fè, difikilte yo rankontre, ak fason yo pral vanse pi devan. Nan peyi d Ayiti kanpay lan te pran reta. Kounye a y ap gade ki jan pou fè l vanse ak fòs. Delegasyon Ayisyen an te genyen ladan l: Doktè Lise Dejean, Olga Benoit pou SOFA, ak Jocelyne Colas pou POHDH ak JILAP.

Jocelyne Colas

Kòmantè

Obsève Eleksyon oubyen Seleksyon?

Eske li nesesè pou fè obsèvasyon pwosesis elektoral la ? Kesyon an pa fasil. Nou ta kab di : tèlman gen bagay ki kwochi nan pwosesis la, tout bagay fin pèdi davans. Men se pa konsa nou gade bagay yo nan Jilap.

Batay demokrasi ak respè pou moun ak pou dwa sitwayen yo se toutan li dwe fèt. Eleksyon 2000 te gen pwoblèm ladan l, eleksyon 2006 te gen pwoblèm, eleksyon nan lane 2009 te gen pwoblèm. Nou konstate 2010 tou chaje ak pwoblèm. Se pa konsa konsa yon bon eleksyon ap tonbe sòt nan syèl. Se lite pou popilasyon an lite pou nan chak kondisyon li fè yon pa : paske li wè pi klè, li wè jwèt madigra k ap fèt nan moman eleksyon an pi byen, gen plis edikasyon sivik ki fèt, genyen pi bon obsèvasyon, epi obsèvasyon an vin pi efikas. Chak ti pa konte, epi, chak ti pa nan bon direksyon an enpòtan.

Batay elektoral la, se pa sèl batay pou genyen kèk moun nan tèl ou tèl pòs, se sitou yon batay pou enstitisyon yo nan peyi a mache yon fason kòrèk. Nenpòt ki moun ki antre ladan l. Lè n pale sou enstitisyon nou pale tou sou Egzekitif la ki dwe respekte dwa granmoun lòt enstitisyon yo ak KEP la ki pa kab rete pwovizwa toutan.

Eleksyon 2010 genyen anpil tèt chaje ladan. KEP la toujou pwovizwa, epoutan te genyen plizyè okazyon pou yo te fè l vin pèmanan. Enstitisyon yo pa jwe wòl yo kòm sa dwa. Si anpil kandida pa t gen dechaj, se paske Palman an pa t fè sa l dwe fè. Men desizyon yo te pran an pa respekte Manman lwa peyi a, epi se li k pi wo a, epitou, yo pa t aplike règ jwèt la menm jan pou tout moun. Sa se kontrè ak tout sa yon Leta dedwa mande.

Nou bezwen moun nan plas ki fè devwa yo, sa se pa menm bagay ak sèvi bouyon nan moman eleksyon. Manke bon jan transparans nan jan KEP ki te la te fè travay li. Dayè, nou pa kapab bliye nan ki kondisyon KEP sila a te pran nesans. Plis toujou, genyen plizyè pawòl piblik Prezidan peyi a di, ki montre menm anwo nan Leta a, eleksyon se yon jwèt lamayòt. Finalman, se sitwayen yo ki pou montre ki sa yo vle, epi ki pou sove chak fwa ti rès yo kapab sove a pou pa pèdi tout.

Konsa, sèl kondisyon pou JILAP kontinye ap fè obsèvasyon elektoral, se lè l kapab garanti obsèvasyon ap fèt pi byen, pi kòrek, se lè manm li yo montre plis kouray, lè yo mwens patizan ak nan moun pa ak sa k te konn fèt anvan an. Lè sa, kalite obsèvasyon an ap vin pi bon, men tou, nou menm ki patisipe ak JILAP kòm enstitisyon ap vin pi kapab, pi kredib nan batay n ap mennen an pou diyite ak dwa moun jwenn respè nan peyi a.

JH

Vyolans ak zam

Depi dikdantan Jilap ap fè obsèvasyon vyolans nan zòn metwopolitèn nan. Komisyon an fenk pibliye 36zyèm rapò li sou kesyon an. Sa vle di se yon aktivite n ap fè depi 9 lane. Se tout rezo Jilap ki mobilize pou kesyon an.

Men tou, nou konstate anpil manm nan Jilap pa konprann pou ki sa aktivite sila a genyen tout enpòtans sa a.

- Obsèvasyon se yon kontribisyon Komisyon an bay sosyete a pou konstwi yon Eta dedwa, yon peyi kote se lalwa k ap dirije.
- Obsèvasyon se lite pou respè diyite ak dwa moun, paske premye dwa yon moun genyen se dwa pou l viv. Chak fwa yo asasinen yon moun, se sosyete a ki montre pa genyen respè pou lavi moun anndan l, paske gen moun ki pa respekte lavi lòt. Plis toujou, lè yo asasinen yon moun yo pa pini koupab yo, se enpinite, ak lese grennen.

Vyolans se yon gwo andikap pou byen viv ansanm nan mitan sitwayen ak sitwayèn yo. Moun pa dwe regle diferans antre yo ak vyolans, men yo dwe rezoud konfli yo tankou moun, sa vle di ak tout kalite metòd ki pa genyen vyolans ladan yo.

Obsèvasyon moun ki mouri anba vyolans se yon aktivite sitwayen ak sitwayèn. Pa kab gen chanjman nan yon sosyete, si moun k ap viv ladan yo pa travay pou chanje l, pou l kab vin pi bon.

Jilap se yon manm nan Fowòm sitwayen pou Refòm Lajistis. Avèk aktivite obsèvasyon an, Komisyon an rive enfliyanse pozisyon yo anndan Fowòm nan.

Lyen ki genyen ant obsèvasyon vyolans ak Fowòm nan prezante nan pwèn sa yo:

- Respè ki dwe genyen pou dwa moun
- Lit ki dwe mennen kont enpinite a
- Patisipasyon sitwayen ak sitwayèn yo nan zafè piblik yo
- Fowòm nan pa sèlman yon travay ekspè ou espesyalis, men sitwayen ak sitwayèn yo dwe santi yo konsènen nan pwoblèm peyi yo.

Ki jan Jilap reyalize obsèvasyon an?

- 1) Dabò, manm yo obsève, epi yo ekri sa yo wè nan yon fòm rapò ki senp epi ki fèt pou sa.
- 2) Nan sekretarya a, yo mete enfòmasyon yo ansanm, yo analize yo epi etidye yo.
- 3) Chak 3 mwa, Komisyon an pibliye yon rapò epi denonse diferan sitiyasyon ki merite pou yo denonse yo. Rapò yo toujou al jwenn otorite jidisyè ak polisye nan Leta.
- 4) Lè gen viktim ki swete sa, Komisyon an kapab akonpaye yo pou yo pote plent kòm sa dwa devan otorite yo.
- 5) Anpil fwa Komisyon an ekri otorite yo, oswa li pran kontak ak yo si sa kapab ede kòz viktim yo vanse.

Konsa, wòl obsèvasyon Jilap ap fè a, se ede sitwayen ak sitwayèn yo konprann reyalite vyolans nan peyi a pi byen ; epitou se ede viktim yo ki swete l chèche jistis devan Leta. Pa kapab gen devlopman ak pwogrè si nou pa rive bati yon vizyon sitwayen ak sitwayèn pou konstwi kominote yo.

Me. Rovelsond Apollon
Anketè rekonsab

Ankèt sou zam ilegal yo

Des données d'observations recueillies à travers le pays sur la violence y compris des informations de recherche sur la prolifération des armes nous ont incités au niveau de JILAP de poser la question : où est la vérité ? Qu'en savent les autorités responsables et comment prennent-elles en main la question ? Quand on parle d'une arme de quoi parle-t-on ? Où est le problème des armes et qu'en dit la législation ? L'étude fait des suggestions pour améliorer la situation nébuleuse qui entoure la question des armes légères dans le pays.

Zam se yon zouti yo sèvi pou atake lòt moun oubyen pou defann tèt ou, se yon mwayen yo itilize pou konbat yon advèsè. Men se pa konsa anpil otorite itilize l, gen anpil ki itilize l pou fè desizyon pèsònèl yo pase. Konsa, nan ankèt nou t ap mennen sou zafè zam nan peyi a sòti fevriye 1986 rive jen 2010, nou wè pi klè sou fason otorite yo renmen jwe ak yon pouvwa kote chak otorite depi l nan pouvwa vle fè yon ti kout prezidan, san yo pa janm gen okenn plan devlopman pou peyi a.

Daprè fason Anketè Sekreteri Deta pou Sekirite Piblik la, Mèt Rock César te pale ak nou, li fè n konprann depi nan lane 1991 pou rive sou prezidan Préval 2006 la pa t janm gen estabilite nan zafè zam paske chak moun te gen ti gwoup pa yo, lè konsa PNH la pa janm ka kontwole yo vrèman. Sa vle di, moun ki kòmande ti gwoup sa yo se gwo chabrak yo ye nan Gouvènman an, menm jan pou konpayi sekirite yo depi yo bezwen achte yon zam yo deklare yo gen youn ki pèdi, lè konsa yo gen kontak dirèk nan Ministè Jistis ki pou otorize yo epi biwo Sekreteri deta pa ka pa apwouve lèt demann yo.

Nan kalkil nou, nou konstate depi aprè jeneral Hérard Abraham genyen plis gagòt nan zafè zam nan peyi a. Depi nan lane 1995, lè yo fin demobilize lame, epi yo mete Lapolis sou pye, se atò k gen gagòt.

Nan ankèt nou, nou rive dekouvri se nan zafè zam ki plis pa gen transparans. Lè ou gade yon rapò Komisyon Sekirite Gouvènman an te fòme a soti, li pa gen okenn chif alòske yo bay tout detay sou konbyen lame epi menm konbyen militè ki te genyen, men yo pa bay anyen sou kantite zam yo te genyen.

Lè yon moun gen zam sou li, se pa menm moun nan li ye sitou si zam nan ilegal, paske li sispèk tout moun ki pase bò kote l. Nan peyi a gen plis zam ilegal pase zam legal ki byen anrejistre. Kantite zam vin pi plis anpil, sitou pandan Gouvènman tranzisyon yo apre Divalye, epitou, pandan epi apre koudeta kont Prezidan Aristid la. Pandan Gouvènman tranzisyon ak operasyon Bagdad yo te lage anpil zam nan men sitwayen pou rezon politik ak kriminel. Vyolans te fè yon ti bese nan lane 2007, avèk prezidan Préval.

Pou fini, n ap di fòk genyen yon kontwòl ki sere nan SPAF (Seksyon Pèmi zam Afe). Si sa pa fèt, l ap pi tris pou peyi a, paske chak fwa prizon an kraze bandi bezwen zam. Epitou, fòk kantite polisye ogmante ansanm, epi fòk yo vin pi konpetan tou. Pou tout sa kab fèt, fòk lachanm vote bon jan lwa, epitou peyi a dwe siyen Konvansyon ak Akò entènasyonal yo ki genyen nan Nasyonzini nan domèn komès ak trafik zam. Bandi ki te sere zam pral pran yo ankò, kidonk se mèt kò ki veye kò. Se jodi ki pou di w kouman demen ap ye.

N.B.: Li bon pou konnen. Fòs MINUSTHA nan peyi a genyen 8.940 militè ladan l, ak 4.391 polisye entènasyonal.

Samuel APOLLON
Anketè

Pastoral penitansye

Nan finisman mwa novanm, Jilap, Karitas ak Prezidan Komisyon Pastoral prizon, Monseyè Pierre Dumas ap òganize yon sesyon sou Pastoral Prizon. Li nesèsè pou n antre pi fon nan wòl prizon genyen anndan sosyete a, pou peyi a kab vin pi bon toutbon.

Yon lòt prizon pou yon lòt sosyete

Nan okazyon evènman 12 janvyè 2010 la, prizon yo nan peyi a mande atansyon nou. Chak fwa yon evènman boulvèse peyi a, yon pakèt prizonye ak detni chape poul yo. Se konsa sa te ye 12 janvyè a tou. Prizonye yo kite prizon an dèyè nan Penitansye nasyonal, ki vide nèt, Dèlma 33, Omega/Kafou, Akayè, Ti Gwav, Jakmèl. Yon semèn pi ta, genyen yon masak ki fèt nan prizon Okay : ajan Apena yo tire bal sou detni ak prizonye ki vle chape. Yon dizèn mouri. Yo pa janm di ki kote kò yo ye.

Tout sa fè n poze tèt nou kesyon sou prizon :

- Pou ki rezon gen prizon ? Ki sa sosyete a vle lè yo mete yon moun nan prizon ?
- Eske jan prizon yo ye, y ap fè n rive jwenn objektif yo ?
- Si sistèm prizon yo pa reponn misyon l, ki konsekans sa kab genyen ?

Gen yon bagay nou pa janm dwe bliye : **pale sou prizonye, se pale sou moun.** Pale sou detansyon, se pale sou moun. Detansyon pwolonje a, se moun ki sibi l. Nenpòt sa n di sou prizon ak detansyon, nou dwe chèche sa k bon pou moun ki pase ladan yo.

Nan refleksyon sa a, nou sonje frè ak sè nou yo k ap souffri nan detansyon prevantif pwolonje. **Tout moun sa yo, se yon moso nan Legliz Kris la yo ye,** yo bezwen atansyon legliz lib la.

- Nou pa ka bliye yo nan moman sa a. Se moman pou nou sonje tout moun ki mouri, sitou sila yo ki mouri nan detansyon prevantif pwolonje pandan evènman 12 janvyè 2010 la.

- Pa bliye pi fò nan moun sa yo twouve yo nan prizon an san yo pa t jije. Sa vle di nou toujou dwe konsidere yo kòm inosan. Pafwa tou, se moun yo te pèdi dosye yo, moun yo te arete nan arimaj (arestasyon an gwoup), moun ki pa genyen mwayen pou peye yon avoka. Anpil nan yo pa konnen ki dwa yo te genyen ak kijan pou yo te chèche l. Gen moun, se sistèm koripsyon Lajistis ki mete yo deyò nan sosyete a.
- Kidonk, 12 janvye 2010 te dezabiye Leta a ki te konstwi sou fay ansanm zak dirijan san vizyon politik yo, li kraze sistèm prizon lanfè a ki pa konprann moun epi li demaske ipokrizi sosyete sivil la ki pa fè twòp presyon sou Leta pou te chanje ansyen prizon an.

Pandan moman refleksyon sa a n ap mande tout sitwayen ak sitwayèn pou yo genyen yon panse espesyal pou detni yo, selebre lamès ak yo epi pataje sa yo genyen ak prizonye yo, kòmanse mobilize tout sektè nan Legliz la pou patisipe nan pastoral penitansye, pouse Leta pran responsablite l nan jije detni yo nan delè lalwa prevwa. Oganizasyon dwa moun yo dwe fè plis fòmasyon pou responsab Leta yo sou sitiyasyon dwa detni yo epi kontinye fè presyon sou leta a pou genyen refòm lajistis, fòk genyen yon lòt prizon ki pran ka moun.

Nan objektif yo te kreye prizon yo se pa pou te pini moun sèlman, men se pou te fè moun retounen nan sosyete a yon fason ki pi kòrèk. Kidonk, nan rekonstriksyon Leta y ap pale a, fòk yo vini ak yon jistis ki konprann moun, yon jistis k ap chache repare moun, olye l ap chache kraze moun.

Nan moman refleksyon sa a nou envite Leta pou travay pou mete refòm Lajistis kanpe, panse ak mizè detni yo nan moman difisil peyi a ap travèse epi ki bezwen jije yon fason pou yo kapab retounen nan fanmi yo.

Lè n panse ak rekonstriksyon peyi a nou dwe panse tou pou genyen yon lòt prizon ak yon lòt sosyete.

Nan moman refleksyon sa a, nou sonje frè ak sè nou yo ki fèmen nan prizon, pandan n ap sonje yo, nou kapab li *Matye 25:31-45* epi n ap dekouvri ki verite ki genyen ladan l :

Mwen te nan prizon, ou te vin wè m.

*Me. Vincent Joseph Michel
Pou Pastoral Penitansye*

Kondwi nou nan jistis ou a Yon gid pou fòme jèn relijye nan zafè Jistis ak Lapè

Anpil kongregasyon relijye (pè ak mè) genyen bèl prensip ki ekri nan regleman kongregasyon yo, tankou « nou pran angajman pou jistis, pou lapè ak respè pou tout sa Bondye kreye », oswa « nou fè yon chwa priyorite pou moun pòv yo, paske se yo k viktim sosyete a ». Men tout moun konnen tou, mete prensip se youn, viv yo se yon lòt. Konsa, pè ak mè yo ki reskonsab nan kongregasyon yo pou jistis ak lapè pran plas li merite nan misyon relijye yo, te ekri yon gid pou montre ki jan pou fòme jèn relijye yo nan domèn jistis ak lapè.

Ti gid la rele « Kondwi nou nan jistis ou a », selon pawòl sòm 5, 9. Se yon chimen pou fòme moun sou wout yon lavi konsakre tankou pwofèt yo. Nan liv la yo montre ki jan jistis, lapè ak respè pou sa Bondye kreye se pwojè Bondye a menm, oswa li nan kè Peyi kote Bondye Wa a Jezi t ap anonse a. Se misyon Legliz la pou anonse l, pou selebre prezans li nan sakreman yo. Preche Levanjil la pa kab fèt san pa genyen yon mesaj jistis ak lapè ladan l. Ansèyman sosyal legliz la se yon jefò legliz la fè pou mete lafwa nan relasyon ak reyalite sosyal yo. Lavi relijye yo dwe mete prensip sa yo an pratik.

Fondman yo klè. Nou kontan nan diferan kongregasyon relijye yo yo pran konsyans angajman pou lapè ak jistis fè fay, li manke djanm. Nou swete pou ti gid la ede anpil kominote oryante fòmasyon yo nan bon chimen, epitou, nou swete ansyen yo tou ap jwenn kichòy ladan l pou lavi relijye kapab jwenn tout fòs pwofetik li bezwen genyen nan tan n ape viv la.

Sous : Guide-nous dans ta Justice. Un itineraire de formation pour une Vie Religieuse prophétique. Religieux promoteurs de JPIC – USG/UISG, Roma, avril 2010.

APE

Jou ki 10 desanm 2009, Gouvènman Ayisyen fin siyen yon akò patenarya nan domèn ekonomik ki mare peyi a ansanm ak 14 peyi Karayib yo ak Inyon Ewopeyèn an. Ayiti sete dènye peyi pou siyen akò sila a. Gouvènman anvan yo (Jacques Édouard Alexis epi Michèle Pierre-Louis) pa t siyen, paske anndan peyi a gwoup sosyal yo te montre yo pa dakò ak akò sila a. .

Akò a se yon dokiman ki gen fòs lwa. Règ yo ki anndan l tonbe daplon ak sa Oganizasyon k ap regle Komès Mondyal la mande. De (2) gwoup peyi ki siyen akò a pran angajman pou ankouraje komès la antre yo, sa vle di pou leve tout baryè ki ta kab bloke komès sila a ; li mande pou genyen plis envèstisman lajan ant de gwoup peyi yo tou.

Rezon ki lakòz plizyè gwoup tankou PAPDA pa t dakò ak akò a, se paske de gwoup peyi yo pa gen menm fòs ekonomik. Louvri fwontyè byen laj pou sa k sòti lòtbò dlo kapab fini ak ti sa n pwodui sou plas, sitou nan domèn pwodiksyon manje. Akò a kapab fini nèt ak ti sa peyi a genyen. An plis, APE fèt nan kad yon ekonomi ki pa montre anpil preyokipasyon sosyal pou lavi moun yo. Se lojik neyo liberal la l ap gaye sou latè beni.

Lòt peyi nan Karayib la ki siyen akò a, men yo : Antigua & Barbuda, Bahamas, Barbade, Belize, Dominique, République Dominicaine, Grenade, Guyana, Jamaïque, Ste. Lucie, St. Vincent & les Grenadines, St. Kitts & Nevis, Suriname, Trinidad & Tobago.

Pri Nobèl 2010

Nan mwa oktòb 2010 la, Komite Nobèl la ki chita nan peyi Nòvèj te deside bay *gwo pri Nobèl pou Lapè a* pou yon jèn Chinwa ki fèmen nan prizon lakay li. Liu Xiaobo se yon nèg ki te la sou Plas Tiananmen nan lane 1989, lè lame peyi a t ap tire bal sou etidyan ki t ap fè manifestasyon pou Leta rekonèt dwa ak libète yo. Repons Leta Chinwa a sete bal. Apre sa, mesye Liu te kolabore pou ekri epi li siyen yon deklarasyon ki rele Chat 2008 la, kote yon gwoup sitwayen nan peyi Lachin t ap reklame libète pou di sa k nan lide yo ak eleksyon ki lib. Tout sa te monte plim sou do Leta Chinwa ki arete mesye a nan lane 1989 epi yo kondane l pou pase pou 11 lane nan prizon poutèt aktivite l ap mennen ki kont Leta a, dapre sa yo di.

Yo panse se madanm li, Lu Xia ki te ba li nouvèl la epi ki fè l konnen li resevwa Pri Nobèl pou lane 2010 la. Depi dènye vizit li nan prizon an kote l t al wè mari l, yo mete madanm nan tou sou rezidans siveye.

Rezon ki fè komite Nobèl la te bal Pri a: «Poutèt jefò l ap met deyò, k ap dire epi kote l pa sèvi ak vyolans, anfavè dwa moun nan peyi Lachin». Selon sa yo aprann annapre, mesye Liu ki genyen 54 lane kounye a, te dedye Pri li sòt resevwa nan memwa tout viktim ki mouri nan plas Tiananmen nan vil Peken nan lane 1989.

Leta Chinwa pa t kontan menm lè mesye a te jwenn pri Nobèl la. Sa te mennen menm nan yon konfli diplomatik ant Leta Chinwa ak peyi Nòvèj, kote komite Nobèl la chita. Leta Chinwa pa rekonèt libète chak moun genyen, epi li vyole dwa sitwayen l yo sou pwèn sila a. Epoutan, nan dènye lane sa yo, peyi a fè gwo avansman nan domèn ekonomik. Ak kominikasyon ki antre nan peyi a, moun yo kòmanse konprann gen peyi kote moun yo kapab di sa k nan lide yo. Li enpòtan pou n konnen gen moun ki pa pè soufri pou konviksyon yo, epi pou peyi yo antre nan chimen pou sitwayen ak sitwayèn yo kapab di sa k nan lide

yo, epi patisipe nan tout bagay. Y ap batay pou Leta rekonèt libète ak diyite chak kretyen vivan.

Nan lane 2009, sete Prezidan Barak Obama ki te jwenn menm Pri Nobèl la. Sa te etone anpil moun, paske Etazini ap mennen lagè nan plizyè peyi, menm si se lagè kont sa yo rele teworis. Lagè pa janm fèt san pa gen vyolans. Konsa anpil moun t ap mande: èske lagè se yon chimen lapè tout bon? Eske se yon bon chwa pou bay Pri Lapè nan men chè Leta k ap fè lagè, menm si nan non prensip libète ak batay kont teworis ki fanatik epi ki pa vle tande rezon.

Jounen mondyal pou refize lamizè 17 oktòb chak lane

Lamizè se kondisyon lavi anpil moun sou latè, nan peyi pòv men tou nan peyi rich. Pa egzanp nan peyi Lafrans, 18 % nan popilasyon an konsidere tankou moun ki pòv. Sitou jèn yo ki pa gen travay viktim sityasyon sila a. Nan peyi d Ayiti menm se pa pale.

Jounen mondyal sila a, se **ATD Quant Monde** ki òganize l depi 1987. **Mouvman katriyèm Mond la**, se Pè Wrezinsky ki te fonde l, pou fè moun pran konsyans kondisyon lavi anpil moun, epitou pou kanpe bò kote moun sa yo pou yo kab sòti nan kondisyon yo ye a.

Migran pase mizè toupatou sou latè



Servicio Internacional Cristiano

de Solidaridad
Con los pueblos de América Latina
"Oscar Arnulfo Romero"

Nan dat 25 daou 2010, yo asasinen 72 migran nan peyi Meksik, nan yon zòn ki rele Tamaulipas. Sete moun ki t ap chèche lavi, epi ki te sòti nan plizyè peyi tankou Guatemala, El Salvadò, Ondiras, Ekwadò epi Brezil.

Gwoup la ki denonse evènman an, Sèvis Solidarite Oscar Romero, fè sonje zafè migrasyon se ti sa n wè a, men pwoblèm yo menm genyen rasin ki ale byen fon. Migrasyon gen rasin li nan kondisyon sosyal ak kiltirèl moun yo ap viv, moun sa yo viktim kòmès moun, yo viktim kòmès dwòg ak tout kalite vyolans. Pi gwo rasin nan se sistèm kapitalis ak neyo liberal la, ki pa chita sou jistis, ki pa anfavè moun pòv yo, ki pa bay yo kondisyon travay ki dakò ak diyite yo kòm moun. Okontrè, anpil nan moun sa yo te pèdi tè yo ak ti mwayen yo te genyen pou viv.

Lè genyen yon krim k ap fèt, yo viktim anba otorite lokal yo ki konplis, ki pa reyaji pou konbat krim yo, epitou ki menm pa genyen yon politik kòrèk parapò ak sa k ap chèche yon lavi miyò.

Sèvis Solidarite Oscar Romero ap egzije bon jan ankèt sou krim nan ki te fèt nan peyi Meksik, li mande pou yo aplike lalwa kont moun ki te komèt krim sila yo.

Sèvis la fè Legliz la sonje pwòp pawòl li yo:

“Legliz, ki tankou yon manman, dwe santi l san pa gen fwontyè, fanmi ak tout moun, atantif ak reyalite sila yo k ap vin pi plis nan jou sa yo, kote moun ap deplase divès kote.

Pami travay Legliz la genyen pou l fè anfavè migran yo, nou konsidere: denonse tankou pwofèt yo tout abi k ap fèt kont yo epi ki fè yo viktim.

Ansanm ak lòt òganizasyon nan sosyete sivil la, li dwe fè gouvènman yo konprann nesesite pou yo mete sou pye yon politik migrasyon ki tonbe daplon ak sa respè pou diyite ak dwa moun mande. (Aparecida n. 412 ak 414).